QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA'LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko'chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«05» август 2021-у. №02-02/01-3556 «_____»-___________ 2021-j.

**Өзбекстан Республикасы Адвокатлар палатасы, Қарақалпақстан Республикасы аймақлық басқарамасы, Қарақалпақстан Республикасы "НЫЗАМ УСТИНЛИГИ" Адвокатлар коллегиясына**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги, Сизиң жоллаған Адвокатлық сораўнамаңызға жуўап ретинде төмендегилерди билдиреди:

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2019-жыл 13-майдағы "Улыўма орта билим бериў ҳаққындағы рәсмий ҳүжжетлердиң мәмлекетлик үлгисин тастыйықлаў ҳаққында"ғы 393-санлы қарарының 4-қосымшасының 5-бап (Аттестат ҳәм сертификатлардың дубликатларын бериў) 39-бөлиминде аттестат ҳәм сертификатын жойтып алған яки фамилиясын өзгерткен шахсларға, ямаса аттестат яки сертификаты жарамсыз ҳалға келген, бузылған ҳалларда аттестат ҳәм сертификаттың дубликаты (кейинги орынларды дубикат деп жүритиледи) бериледи делинген.

40-бөлиминде дубликат бериўде төмендеги тәртипке әмел етиледи делинген:

аттестат ҳәм сертификатты жойтып алған, алған аттестаты яки сертификаты бузылған, жарамсыз ҳалға келген яки фамилиясы өзгерген шахслар яки олардың исенимли ўәкиллери (кейинги орынларда пуқара деп жүритиледи) аттестат яки сертификатты берген мәмлекетлик ҳәм мәмлекетлик емес улыўма орта билим бериў мәкемелери директорларына жойтылыўы, бузылыўы яки фамилиясы өзгериўи ҳалаты толық баян етилген жазба арзасын береди. Арзаға ҳүжжет жойтылғанлығы ҳаққында газетада басып шығарылған дағаза, шахсын тастыйықлаўшы паспорт (туўылғанлығы ҳаққындағы гүўалық) нусқасы қосымша етиледи (дағазада жойтылған аттаестат яки сертификаттың берилген жылы, сериясы ҳәм тәртип номери көрсетилиўи шәрт);

пуқараның улыўма орта билим бериў мәкемелерин тастыйықлаўшы ҳүжжетлер бар болған жағдайда 5 күн мүддетте директор дубликат бериў мәселесин улыўма орта билим бериў мәкемеси педагогикалық кеңесиниң (кейинги орынларда педагогикалық кеңес деп жүритиледи) гезектен тысқары жыйналысында көрип шығыў ушын киритиледи;

педагогикалық кеңес дубликат бериў ҳаққында қарар қабыл етеди ҳәм қарарда жойтылған аттестаттың берилген жылы, сериясы ҳәм тәртип номери көрсетиледи;

педагогикалық кеңес қарары 5 күн мүддетте район (қала)лық халық билимлендириў бөлимине ҳәм оның тийкарында аймақлық басқармаларға (Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине) жибериледи;

басқа министрликлер, мәкеме ҳәм шөлкемлердиң системасында болған улыўма орта билим бериў мәкемелери ҳәмде мәмлекетлик емес улыўма орта билим бериў шөлкемлери аймақлық басқармаларға (Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине) жибереди;

дубликатлар аймақлық басқармалар (Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги) тәрепинен бериледи.

дубликат бериў мүддети пуқара мүрәжат еткен дәўирден бир айдан асып кетпеўи керек делинген.

43-бөлимнде дубликат бериў ушын топланған ҳүжжетлердиң топламы улыўма орта билим бериў мәкемелери архивинде сақланады делинген.

Жоқарыдағыларды есапқа алып, Каллибеков Алишер Рустемович белгиленген тәртипте Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2019-жыл 13-майдағы "Улыўма орта билим бериў ҳаққындағы рәсмий ҳүжжетлердиң мәмлекетлик үлгисин тастыйықлаў ҳаққында"ғы 393-санлы қарары тийкарында дубликат аттестат алыўыңызға болатуғынлығын билдиремиз.

**Министрдиң 1-орынбасары ў.ў.а. Қ.Бекбаулиев**

Орынлаўшы: М.Асеметдинов
Тел: 8 (361) 222-16-51